ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№138 (23.952) ● 2019 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Анэхэр ягъэлъапIэ

● Щыхь

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ ехъуэхъуащ бын куэд зиIэ анэхэм. Ди республикэм ис, бынунагъуэшхуэ зиIэ бзылъхугъэ 22-м «Анэм и щIыхь» медалыр яхуигъэфэщащ КIуэкIуэм.**

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсым къырихьэлIащ КъБР-м къеГэщIыIлIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Т. Э.**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Т. Б.**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков А. ТI.**, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органэм я Iэтащхьэхэр, профсоюз, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

- ЩэкIуэгъуэм и 24-м ди къэралым щагъэлъапIэ махуэшхуэ нэхъ гуапэхэм ящыщ зы. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис анэхэм, анэшхуэхэм сынывохъуэхъу а махуэ дахэмкIэ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. - Мыпхуэдэ махуэшхуэхэм иджыри зэ дрегъэгупсысыж щIэблэ узыншэ къыштщIэхъуэнымкIэ, ахэр гъэсэнымкIэ бзылъхугъэм и пщэ къыдахуэ къалэн иным. Анэм и дунейр лъагъунигъэкIэ, гупщIанагъэкIэ, гуапагъэкIэ псычIыащ. Ахэращ дэ тегушхуэныгъэрэ къарурэ къыткъэзылъхьэр, лъэ быдэкIэ гъащIэм дихъуэвэнымкIэ себэп къытхуэхъур.

КIуэкIуэм къыззэрыхигъэщамкIэ, бын куэд зиIэ анэхэм я бжыгъэм гъэ хъэ къыхохьуэ. Бынунагъэушхуэхэм къыщыхьу сабийхэм зэкъуэтыныгъэр, зэдзэпIыкъужыныр, гуапагъэр нэхъ яхэлъщ, щапхъэ зытехьпхъэ куэд яхэтщ. Арагъэнщ къэралми абыхэм гулъытэ хэха щIахуищIыр, я Iуэхуэхэр ящIэпсынщIэну щIыхущIэкъур.

- Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ, ди къэралым демографие политикэр щофIакIуэ, бынунагъэушхуэхэм ят налогхэр хуагъэмащIэ, ахъшэ ират, ипотекэ къэзыщтхэм хуэгъэкIуатэ яIэщ, сабий гъэсапIэхэр, ясэлъэхэр къызэIуах. А псоми теухуауэ ди республикэми лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI, - жиIащ КIуэкIуэм. - Апхуэдэу 2018 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ унагъуэм кьихьуэ яIэ сабийм и ныбжьыр илъэсрэ ныкъуэрэ ирикъуэу сом 11.978-рэ ират, ар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъыбзщ. 2020 гъэм и щIышылэм а ахъшэр сом 13.707-рэ хъунущ икIи сабийр илъэсищ хъуху иратынущ. КъищынэмыщIауэ, 2020 гъэм щегъэжьауэ апхуэдизэ дыдэ иратынущ унагъуэ хуэмыщIахэм кьихьуэ сабий ещанэм, абы къыкIэлъыкIуэхэм (я ныбжьыр илъэсищ ирикъуху).

Дяпэкли дызэрывдIэпыкъунум иужь дитынущ, бын куэд къызэрыхъуэ унагъуэхэм я пщIэр Iэтыным, гулъытэ яхуощIыным зэрыт хуэзэфIакIкIэ делэжьынущ, - дыщIигъуащ Iэтащхьэм.

«Анэм и щIыхь» медалыр ираташ Акаевэ Фатимэт, Арахъэ Файзун, Бажэнэ Фатимэт, Батыр Лерэ, Бжэныкlэ Iэсият, Гуэбэшы Мадинэ, Дзэгъэл Ритэ, ДзэгъащIэ Тамарэ, Казанцевэ Елизаветэ, КъуэIуфэ Мадинэ, КIыщ Джульеттэ, Кондранух Лидие, Мамбэт Еленэ, Мамыхъу Радимэ, Мишаевэ Ритэ, Наурыз Анетэ, Темукаевэ Елизаветэ, Теунэ Лейлэ, Хьэжбий Людэ, Хьэщыкъуэй Заретэ, Хьущт Эльвирэ, Шыбзыхъуэ Джульеттэ сымэ.

**НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.**

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Гундэлэн къуажэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ

**«Урысей зэкъуэт» партым жылагъуэхэр зэIуэзэпэщ щIыным хуэгъэзауэ зэхилъхьа программэм ипкъ иткIэ Гундэлэн къуажэм зэIуэзэпэщ щащIащ цIыхухэм я зэхыхьэпIэ сквер екIу. Ар къызэрызэIуахым теухуауэ къуажэдэсхэм къызэрагъэпэща зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

«КЪУАЖЭХЭР егъэфIэкIуэныр ди дежкIэ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ икIи дэ тхуэзэфIэкI псори длэжьынущ абыхэм зэIуэзэпэщ псэуфIэр къыщыздгъэпэщын папщIэ. Мы нобэ къызэIуфх зыгъэпсэхупIэм Гундэлэн дэсхэм гукъыдэж къаззэрыритыным шэч къытесхьэркъым», - жиIащ абы.

ЗыгъэпсэхупIэщIэм жыгъэр щыхасащ, псычIэ щагъэуващ, сабий джэгупIэхэр щащIащ. А зыгъэпсэхупIэм зэрихьэнущ Хэку зауэшхуэм и ветеран Улаков Жамал и цIэр.

**ТАРИМ Алисэ.**

# Гугъэхэм я къежьапIэ

**Налшык къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ зи узынщагъэм сэкъат иIэхэм папщIэ «Гугъэхэм я къежьапIэр» зыфIаща спорт зэхыхьэр (еханэу къызэрагъэпэщ).**

«ГЛАДИАТОР» спорт Iэхэущ Iапl эм щызэхуащIат КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и ныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэнхэмрэ зи узынщагъэм сэкъат иIэ нэгъуэщI сабийхэмрэ. Мы Iэхум псори зэхэту спортсмен ныбжьыщIэ 60-м щIигъу хэтащ.

Зэпеуэхэр щIидзэн и пэ, ныбжьыщIэхэм ехъуIэныгъэ къагъэлъэгъуэну ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Хьэсанэ Ислъам**, «Олимп совет» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ Iэхэущ Iапl эм и УнафэщI **Зарудкий Александр**, Сабий спорт-адаптивнэ школым и унафэщI, Шабэзкlэ узнымкIэ федерацэм и президент **Кулюшин Александр**.

Апхуэдэуи зэхуэсым хьэщIэ лъапIэу щыIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и КъуэдзэI, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп чемпион **Кьардэн Мурат**, депутатхэр, нэгъуэщIхэри.

- ЦIыхум и Iэпкlъпэпкъым зезыгъэужь спортым мыхьэнэзшхуэ иIэщ икIи абыхэм республикэм кIуэ пэтми зыщауж, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. - «Гугъэхэм я къежьапIэ» зэхыхьэр мы гъэм еханэу йокIуэкIри, ныбжьыщIэхэр зэрызэпеуэ спорт лIэужьыгъуэхэр нэхъыбэж зэрыхъуам уегъэгушхуэ. Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым зэхьэзэхуэхэм хэтынухэми ахэр зэрекIуэкIым еплъынк къаГэлъэгъуэ ехъулIэныгъэхэм ильэс къэс зэрыхагъахъуэр. «Илъэсихым къриубыдэу ныбжьыщIэхэм я къарум хэпщIыкIыу хагъахъуащ. Абы къегъэлъагъуэ, гугъуехьхэм емылъытауэ, цIыхур хуейм, гъащIэм куэд зэрызыщрегъэтым папщIэ. НыбжьыщIэхэр зэпеуащ голболымкIэ (эи нэм имылъагъуэхэм я спорт), мини-футболымкIэ (дэгухэм я зэпеуэ), атлетикэ псынщIэмрэ пауэрлифтингымкIэ. КъинэмыщIауэ, я зэфIэкI ягъэлъэгъуащ шабзауэхэми (эи Iэпкlъпэпкъ къызыдэмыбзхэм). НыбжьыщIэхэр хэтащ тхэквондомкIэ дерсхэм, махуэшхуэр зэхуащIыжащ цIыху куэдым зэгъусэу ягъэхьэзыра къафэкIэ.

Зэпеуэхэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ ираташ медалхэмрэ саугъэтхэмрэ.

Зэхыхьэр зэгъусэу къызэрагъэпэщащ Сабий-ныбжьыщIэ спорт школым, Урысейм и ЩIалэгъуалэ гвардием и щIыналъэ къудамэм, КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм.

**БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.**
*Сурэтыр* **Елъкъан Артур** *трихащ.*



# Узыр и чэзум къэпхутэмэ, нэхъ гъэхъужыгъуафIэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мы гъэр къызэрихьэрэ балигъхэм ящыщу цIыху мини 100-м щIигъум я узынщагъэр кърагъэпщытащ. Ар Iуэхум къызэщIрагъэубыдэн хуейм и процент 80 мэхъу.**

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ къызэрагъэлъэгъуамкIэ, узыфэ хэтIэсахэр зэрапIэр проценти 7-м къащIащ, процент 20-м щIигъум адэкIи я узынщагъэм кIэлъагъэплъыну чэнджэщ ираташ, процент 15-р я узыфэхэр хэтIэсэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм щыгъуазэ ящIащ.

Зи узынщагъэ къапщытахэм нэхъыбэу япкърытыр жьэгъум, лъэтэм, лъым, кIэтIийм, тхьэмбылым епха узыфэхэрэ. Мы илъэсым и кIэ пщIондэ иджыри республикэм и цIыхухэм я процент 23-м я узынщагъэр къапщытэнущ.

НаIуэ зэрыхъуамкIэ, мы Iуэхум и фIыгъэкIэ лъых узыфэхэр и чэзум, сымаджэм узым зыкъримыгъащIэ илэ, къахутэ хъуащ. ЦIыхуи 170-м жраIащ узыфэр зэрапIэр. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, узыр къыпхуэгъэувыIэнущи, сымаджэхэр къыщIеIэзэну щIыпIэхэм ягъэкIуэ. Зи ныбжьыр илъэс 18 - 39-м итхэм илъэсищым зэ, илъэс 40-м щIигъуахэм илъэс къэс я узынщагъэр кърагъэпщытэн хуейщ.

- Уи узынщагъэм укIэлъыплъыжьныныкIэ диспансеризацэр Iэмал хъарзынэщ, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий Марат. - Узыр и чэзум къэпхутэмэ, куэдкIэ нэхъ гъэхъужыгъуафIэщ, узынщагъэ быдэ зиIэр гъащIэм жыдэжру куэдрэ хэтынущ.

***КъБР-м Узынщагъэр хъумэныныкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.***

● Налшык

## ЩIымахуэм зыхуагъэхьэзыр

**ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм бжьыхь лэжьыгъэхэр къыщрахьэлIэ.**

ЩэнХАБЗЭМРЭ зыгъэпсэхупIэ паркхэмкIэ зэгухьэныгъэм и лэжьакIуэхэм пщIащэ пылъэлъыжьыгъуэм я къалэным кьыхохьуэ. Мы зэманым жыг лъабжьэхэм Iуву щызэтрихьа тхъэмпэр абы хуэщIа техникхэмкIэ зэщIакъуэ. Ялэм хуэдэу пшащэр зэхуэтхъусурэ Iэкlэ машинкэхэм иракIутэркъым - «пылесос» пкъыгъуэ кузовым иту, абы зэщIещIэпэ.

Ялэу ягъэкъэбзащ лъэс зекIуапIэ нэхъыщхьэхэр, гуэл Iуфэхэр, паркым ит шхапIэхэмрэ зоопаркымрэ я Iэгъуэблагъэр. Уда гъэгъа гъуар ирагъэкъэбзыкIыжри, щIыIэм хъарзынэу пэщIэт виолэхэр хасащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Шэрэдж щIыналъэ

## Iуэхум хуэбэлэрыгъыркъым

**Шэрэдж районым щызэфIагъэкIащ Шэрэджыпсым и Iуфэхэр гъэбдэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр.**

ШЭРЭДЖЫПСЫМ и Iуфэхэр быдэу щытыным илъэс псом и кIыхьагъкIэ хуосакъ ар зи къалэн нэхъыщхьэ ведомствэхэмрэ щIыналъэ администрацэмрэ. Псы Iуфэм пэмыжьижьу уней лъапсэхэр Iутщ, уахуэбэлэрыгъ мыхъуну, арынщамэ я хадэхэм зэран хуэхъунущ.

КъищынэмыщIауэ, Шэрэдж щIыналъэр республикэпсо мыхьэнэ зиIэ зыплъыхьыпIэ щIыпIэхэм хабжэ. Абы къыхэкIыу турист гъуэгуэхэмрэ бгы лъэс зекIуапIэхэмрэ япыщIа инфраструктурэр зэпэщу щытыным я зэфIэкI псори ирахьлIэ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Урысей гвардие

## ТIасхъэщIэх къудамэр илъэс 25-рэ ирокъу

**Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым и Звёздно жылагъуэм щиIэ дзэ частым иджыблагъэ щагъэлъапIащ тIасхъэщIэх ротэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъуар.**

АБы ХЭТАЩ Урысей гвардием КъБР-м щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэр, ветеранхэр, абыхэм я Iыхьлыхэр. Я къалэн ягъэзащIэу дунейм екьжахэр ягу къагъэкIыжа, абыхэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, хьэщIэхэр ирагъэблагъащ дзэ частым куэдыкъу щызыщIэхэмрэ абыхэм зэфIэх лэжьыгъэмрэ наIуэ къэзыщI сурэт, дэфтэр гъэлъэгъуэныгъэм.

«Си щIалэр щIыхуэхэм я гум зэримыхуар, абы илэжьам пщIэ зэрыхуащIыр си нэгу щIэкIащ», - жиIащ тIасхъэщIэх ротэм хэту дунейм екьжа Цикарян Вадим и адэ Цикарян Георгий.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ дзэ полкым и цIыхубз советым къызэригъэпэща концертымкIэ.

**ИСАЕВЭ Ольгэ.**

## Нобэрэ пщэдейрэ

**Щэкlуэгъуэм и 19,** *гъубж*

**♦Щыхухъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Урысей Федерацэм и Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ**

**♦УФ-м Абджхэкlэхэр къыщIэзыгъэкI и промышленностым и лэжьакIуэм и махуэщ**

**♦Белоруссием и Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ**

**♦Украинэм и гидрометеорологие Iэнатlэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

**♦1765 гъэм** Польшэм къыщызэIуахащ япэ драмэ театрыр.

**♦1819 гъэм** Испаниием и къалащхьэ Мадрид къыщызэIуахащ Прадо музэйр. Иджыпсту ар дуней псом щынэхъ къулей галереехэм ящыщщ.

**♦1824 гъэм** Санкт-Петербург къалэм абы и тхыдэм щынэхъ ин дыдэ псыдзэр щIэуащ. ЦIыху 208-рэ хэкIуэдат абы щыгъуэ, унэ 462-рэ зэтрикъутат, 3681-м зэранышхуэ хуэхъуат.

**♦1825 гъэм** Пушкин Александр иухащ тхыдэр и теГъэщIапIэу итха «Борис Годунов» драмэр.

**♦1919 гъэм** Япэ Шууей армэр къызэрагъэпэщащ.

**♦1941 гъэм** Налшык къалэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэр къызэгъэпэщыным теуха унафэ кьищтащ.

**♦1942 гъэм** советыдзэхэр Сталинград деж щебгъэрыкIуэу хуежьащ, къалэр хуит къэщIыжыным хуэунэтIа зауэшхуэм щIидзащ. Ар екIуэкIащ 1943 гъэм мазаем и 2 пщIондэ.

**♦1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Ново-Ивановкэ къуажэм фашистхэм щхьэпытIэ щащIащ партизанкэ Козуб Шуэр.

**♦1946 гъэм** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къищтащ цIыхум зэрихьэ диныр, къызыхэкIа лъэпкъыр и щхьэусыгъуэу зэхэзэхуэн ящIыныр зымыдэ Резолюцэр.

**♦1965 гъэм**, СССР-м и къихильхъэри, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къищтащ ядерно Iэщэм земыгъэубгъуным теуха унафэр.

**♦1969 гъэм** Бразилием щыщ футболист цIэрыIуэ Эдсон Арантес ду Насименту (Пеле) и ныкъуэкъуэгъуэхэм я гъуэхэм дигъэкIа топхэм я бжыгъэр мин ирогъэкъуащ (зэIущIэ 909-м къриубыдэу).

**♦1986 гъэм** СССР-м и къыщащтащ щхьэзэкъуэ хьэрычэтыщIэ IуэхуитеухуаI законыр.

♦Япэ урыс еджагъэшхуэ, Петербург щIэныгъэхэмкIэ и академием и япэ академик, 1755 гъэм Москва университетыр зи жэрдэмкIэ къызэIуаха **Ломоносов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 308-рэ ирокъу.

♦Совет политик, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу лэжьа, «урысейпсо старостэу» къалытэу щыта **Калинин Михаил** къызэралъхурэ илъэси 144-рэ ирокъу.

♦Кубэм щыщ шахматист цIэрыIуэ, дунейпсо чемпион **Капаланкэ Хосе** къызэралъхурэ илъэси 131-рэ ирокъу.

♦Зауэмрэ фашизмэмрэ я бийуэ щыта нэмыцэ тхакIуэ цIэрыIуэ **Зегерс Аннэ** (и цIэ-унэцIэ дыдэр - **Радваньи Нетти**) къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Индием щыщ политик, къэрал лэжьакIуэ, абы и премьер-министру щыта **Ганди Индирэ** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, драматург, фIыуэ тлъагъу фильм куэдым я сценарийхэр зыхъуэ, Урысей Федерацэм гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Брагинский Эмиль** илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Дуней псом Iэпщэрыбанэ щрот лIэужьыгъуэмкIэ и чемпион **ХьэкIырэ Атмир** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, Олимп Джэгухэм я дыжьын медалыр тIэунейрэ зэхыхьа, дуней псом тIэунейрэ и чемпионкэ хъуа **Медведевэ Евгение** и ныбжьыр илъэс 20 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 10, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Щэкlуэгъуэм и 20,** *бэрэжьей*

**♦Сабийм и дунейпсо махуэщ**

**♦Сабий дохутырым и дунейпсо махуэщ**

**♦Тхьэмбыл узыфэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

**♦Мексикэм щагъэлъапIэ я революцэм и махуэр**

**♦Инджылызым и ныпым и махуэщ**

**♦Украинэм и мэкъумэш Iэнатlэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

**♦1480 гъэм** Урысейм тэтэрмонгол тепщэныгъэр щиуажэ щащ.

**♦1922 гъэм** РСФСР-м хьэхуэ къызэрагъэпэщащ Шэшэн автономнэ областыр.

**♦1945 гъэм** Нюрнберг (Германие) щыщIадзащ Ещанэ рейхым и щIэпхъаджащIэ нацистхэм я судыр щIэнкIи. Абыхэм ящыщт фашист Германием и дзэ къулыкъущIэхэу Геринг, Гесс, Риббентроп, Кейтель, Розенберг, Борман, нэгъуэщIхэри. Судыр 1946 гъэм жэпэгъуэм и 1 пщIондэ екIуэкIащ.

**♦1999 гъэм** «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

♦Балеринэ цIэрыIуэ, хореограф, СССР-м и цIыхубз артисткэ **Плисецкая Майе** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубз артист **Ульянов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м и цIыхубз артист **Баталов Алексей** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Габуние Зинаидэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъШР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист, «Къэрэшей-Шэрджэс» КъТРК-м и адыгэ къудамэм и унафэщI **Щакlуэ Мусэлий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Мэретыкъуэ Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 5, жэщым 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зышэчым тралъхьэ, зыхьым тракъуэ.**

# 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIа социально-экономикэ щытыкIэр

## Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм къет

| | 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм | 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм процентIкIэ | 2017 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм процентIкIэ |
|---|---|---|---|
| Промышленностым и лэжьыгъэр | - | 103,7 | 96,1 |
| Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, сом мелуан | 31770,1 | 103,1 | 100,2 |
| Экономикэм и «ухуэнигъэ» лэжьыгъэм хиубыдэу зэфIагъэкIар зыхуэдизыр, сом мелуан | 9880,3 | 100,4 | 95,9 |
| Розницэ сатур, сом мелуан | 93948,2 | 100,2 | 100,6 |
| ЦIыхухэм пщIэкIэ Iэхэутхъэбзэу хуащIар, сом мелуан | 24699,0 | 101,4 | 103,0 |
| ПсэупIэ унэу хъэзыр щIар, метр зэбгъуэзэнатIэ мин | 294,5 | 108,8 | 102,3 |
| ЩэхуакIуэ уасэхэр зэрыхъуар, процент | - | 105,1 | 101,8 |
| Ику иту зы лэжьакIуэм хуатха мазэ лэжьапщIэр (хьэрычэт Iэзку мыин зезыхьэ Iэнатlэхэри хэту) | - | - | - |
| номинальнэу | 27111,0 | 109,9 | 106,4 |
| ипэжыпIэкIэ къыщIэкIым тещIыхьауэ | - | 104,5 | 105,0 |
| Лъэхъэнэм и кIэм ирихьэлIэу лэжьапIэ ямыIэу официальнэу учётым щытахэм я бжыгъэр, цIыху мин | 5,8 | 78,6 | 94,3 |

2019 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ и Управленэм и Iэзэкулэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм **СтатистикэмкIэ и регистрым** организацэу, абыхэм я филиалу е Iэнатlэ пыгъэщхьэхуклауэ 11419-рэ итащ.

СтатистикэмкIэ регистрым ит организацэхэм я зэхуэдитIым щIигъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, цIыхухэм езыхэм я щхьэкIэ къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Iэнатlэм, сырьём елэжь Iэнатlэм, мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм, ухуэнигъэм пыщIауэ щытащ.

Хозяйствэ зезыхьэ субъектэ 8828-р (учётым ита псоми я процент 77,3-р) унейщ.

2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм **промышленностым и продукцэр** проценти 103,7-рэ мэхъу.

Экономикэм и Iэнатlэ щхьэхуэхэм ятещIыхьауэ кьалэжьащ: «ЩIым щIэлъ хъуГуэфIыгъуэхэр къыщIэхыныр» - процент 97,7-рэ, «Сырьём елэжь Iэнатlэхэр» - проценти 101,6-рэ, «ЭлектрокъарукIэ, газкIэ, бахъэкIэ къызэрэпэщыныр; хьэуар гъэкъэбзэныр» - процент 85,3-рэ, «ПсыкIэ къызэрэпэщыныр; псы фIейр щIэшыныр, кIэрыхубжьэрыхуэхэр зэщIэкъуэнымрэ дэшынымрэ, яуцIэплIа щIыпIэхэр гъэкъэбзэныр» - процент 246,3-рэ.

Сырьём елэжь Iэнатlэхэм ящыщу 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ къыщIагъэкI продукцэм хагъэхъуауэ щыIкIэр зэIузыщэ Iэзку иIапIэхэм (хуэдэ 1,6-кIэ), щыгъын зыдэхэм (хуэдэ 1,8-кIэ), унэпсащIэхэр гъэхъэзырыныр хэмыту, пхъэм елажьныныр пхъэхэкIхэм, пхъэмыфым продукц къыхэщIыкIынымкIэ Iэнатlэхэм (хуэдэ 4,3-кIэ), тхьапымпIэмрэ тхьапымпIэм къыхэщIыкIа продукцмрэ зыщIхэм (проценти 108,9-кIэ), химическэ пкъыгъуэхэмрэ продуктхэмрэ зыщIхэм (проценти 107,5-кIэ), металлургием (проценти 100,2-кIэ), машинэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ хэмыту, металлым къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр хьэщIэзыгъэкIхэм (проценти 109,8-кIэ), компьютерхэр, электрон, оптикэ Iэмэпсымэхэр зыщIхэм (хуэдэ 2-кIэ), электроIэмэпсымэхэр къыщIэзыгъэкIхэм (хуэдэ 1,6-кIэ), унэпсащIэхэр зыщIхэм (проценти 114,3-кIэ), нэгъуэщI продукц хьэзырэр къыщIэзыгъэкIхэм (процент 126,1-кIэ).

А псоми къадэкIуэу, нэхъ мащIэ хъуауэ ерыскъыхэкIэр (процент 92,6-рэ), псы зэмылIэужьыгъуэхэр (процент 96,9-рэ), фэр, фэм къыхэщIыкIа продукцэр (процент 51,1-рэ), хущхъуэхэр, медицинэм къыщагъэсэбэп материалхэр (процент 55,6-рэ), хьэфэм, пластмассым къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр (процент 65,4-рэ), къыинымыщI минеральнэ продукцэр (процент 72-рэ), адрей гутхэм хамыгъэхьа машинэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ (процент 39,5-рэ), автотранспорт Iэмэпсымэхэр, прицепхэр (процент 60,6-рэ), къинымыщI транспорт Iэмэпсымэхэмрэ оборудованэхэмрэ (процент 71,4-рэ).

Мэкъумэшым елэжь псоми **мэкъумэш хозяйствэм** и продукцэу 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм къыщIагъэкIар сом мелард 31,8-рэ и уасэ, нэгъуэщI жыпIэмэ, 2018 гъэм зыхуэфащэ и лъэхъэнэм ельытауэ процентти 103,1-рэ мэхъу.

Республикэм и мэкъумэш Iэнатlэм гъавэмрэ джэшхэкIхэмрэ къехьэлIэжьныр щызэфIагъэкIащ. Иджыпсту гъавапхъэ нартыхур, сэхураныр, кIэртIофыр, хадзэхэкIыр зэщIакъуэж. КъыхэзрабжамкIэ, хозяйствэ псоми 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу, нартыхурэ хэту, гъавэу, джэшхэкIыу къыщрахьэлIэжауэ ятхар псори зэхэту тонн мин 613,1-рэ мэхъу, ар процентти 4,4-кIэ нэхъыбэщ, зы гектарым центнер 44,5-рэ къытрахащ икIи нэгъабэ и апхуэдэ махуэм ельытауэ ар процентти 4,3-кIэ нэхъ мащIэщ. Гъавапхъэ нартыхуу тонн мин 396-рэ (процентти 6,5-кIэ нэхъыбэ), сэхурану тонн мин 15,9-рэ (процентти 2,3-кIэ нэхъ мащIэ), кIэртIофу тонн мини 139,1-рэ (процентти 4-кIэ нэхъыбэ), хадзэхкIыу тонн мин 304,2-рэ (процентти 7,5-кIэ нэхъ мащIэ), кIэрахьэлIэжащ.

2018 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу хозяйствэ псоми джэдкъазыр, бжэнхэр, мэлхэр нэхъыбэ щIихьауэ, кхъуэхэм я бжыгъэм кIэрыхуащ, былымхэм я бжыгъэм блэкIа илъэсым и апхуэдэ лъэхъэнэм зихьэжакъым икIи былымыр - мин 269-рэ (2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м мин 268,9-рэ), абыхэм ящыщу жэмхэр - мини 131,4-рэ (мини 130,3-рэ), кхъуэхэр - мини 3,1-рэ (мини 3,3-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ - мин 392,8-рэ (мин 377-рэ), джэдкъазыр - мелуани 3,9-рэ (мелуани 3,7-рэ) хьуурэ щытащ.

Іэщрэ джэдкъазу щыIэм ящыщу уней хозяйствэхэм щызэрахьащ былымым, абы жэмхэри яхэту, я процент 73-р, кхъуэхэм я процент 85,1-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 51,5-р, джэдкъазым и процент 45,7-р (2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м тещIыхьауэ - процент 72,4-рэ, процент 72,7-рэ, процент 94,9-рэ, процент 53,2-рэ, процент 46,5-рэ). МэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакIуэхэмрэ яIыгъащ былымым и процент 15,5-р, абы щыщу жэмхэм я процент 17,1-р, кхъуэхэм я процент 10,5-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 25,7-р, джэдкъазым и процент 15,5-р (процент 16,3-рэ, процент 17,5-рэ, проценти 2,6-рэ, процент 26,8-рэ, процент 22,2-рэ).

КъызэрабжамкIэ, мэкъумэш продукцэм елэжь псоми 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм лыуэ къафэсэбэпын папщIэ Іэщрэ джэдкъазу (зэрыпсэууэ шэчуэ, тонн мин 73,1-рэ зэрахьащ (2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ процент 1,2-кIэ нэхъыбэ). Гъэшу тонн мин 354,2-рэ къашащ (процентти 2,1-кIэ нэхъыбэ), джэдкIыкIэу мелуани 155-рэ къыщIахащ (процент 0,2-кIэ нэхъыбэ). Уней лъапсэхэм лым и процент 37,7-р, гъэшым и процент 70,9-р, джэдкIыкIэм и процент 81,4-р къыщалэжьащ. Мэкъумэшыщ1э (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ яхуозэ кьалэжьа псоми ящыщу лым и процент 27,1-р, гъэшым и процент 15,4-р, джэдкIыкIэм и процент 0,6-р.

2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм мэкъумэш организацэхэм зы жэмым хуэзэу къыщIашыр 11419-рэ хьуауэ икIи ику иту килограмм 4161-м нэсауэ (2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм - килограмм 4062-рэ), зы джэдым ику иту джэдкIыкIи 178-рэ къыщIахащ (2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм - 170-рэ).

2019 гъэм жэпуэгъуэ мазэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу зы жэмым хуэзэу мэкъумэш организацэ инхэмрэ курытхэмрэ щагъэхьэзыра мэкъумэлымрэ Іусыпхэмрэ блэкIа илъэсым и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 40,1-кIэ нэхъ мащIэщ.

2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм **«Ухуэнигъэ»** Іэхэумкlэ зэфIагъэкIахэр, хозяйственнэ Іэмалхэм япкъиткIэ ирагъэкIуэжа ухуэнигъэ-монтаж лэжьыгъэхэри хэту, сом меларди 9,9-рэ и уасэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 2018 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ проценти 100,4-рэ мэхъу.

Илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ, мылькур зыIэщIэлъым емыльытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ организацэхэм псори зэхэту метр зэбгъуэзэнатIэ мин 294,5-рэ къызэрыкI фэтэрыщIэу 2219-рэ яухуащ, 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ ар метр зэбгъуэзэнатIэ мин 24,0-кIэ е процентти 8,8-кIэ нэхъыбэщ. Къуажэхэм псори зэхэту метр зэбгъуэзэнатIэ мини 134,6-рэ къызэрыкI фэтэру 903-рэ е республикэм псоупIэу щащIам и процент 45,7-рэ щатащ.

Фэтэр куэд хъу унэхэр зыщI организацэхэм псори зэхэту метр зэбгъуэзэнатIэ мин 51,9-рэ къикIыу фэтэр 596-рэ, 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ хуэдэ 1,6-кIэ нэхъыбэ яухуащ.

Кредитхэр къагъэсэбэпурэ, цIыхухэм езыхэм я ахъщэкIэ унэ щхьэхуэу 1623-рэ ящIащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзэнатIэ мин 242,6-рэ хъуурэ, ар 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ятя псоупIэ псоми я процент 82,4-рэ мэхъу.

Коммерческэ хьэпъэхэр автотранспорткIэ къезыщэкI хьэрычэтыщIэхэри яхэту, предприятэ псоми **хьэпъэзешэ автомобиль транспорткIэ** 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм хьэпъэу тонн мин 895,4-рэ, 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ процент 19,3-кIэ нэхъыбэ, ягъэIэпхъуащ. 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм хьэпъэу къаршэкIыр процент 21,7-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ икIи тонн-километр мелуан 38,5-м нэс къехащ.

Предприятэ псоми **транспорткIэ цIыху мелуан 33,2-рэ къаршэкIащ,** 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ар цIыху мелуан 33,6-рэ хъуурэ щытащ. Псоми къаГъэсэбэп автомобиль транспоркIэ къаршэкIащ **пассажир-километр мелуан 378,9-рэ**, ар 2018 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм **пассажир-километр мелуан 383,6-рэ** хъуурэ щытащ.

**Розницэ сатур** 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм сом мелард 94,0-рэ мэхъу, къекIуэкI уасэхэм ятещIыхьауэ ар 2018 гъэм зыхуэфащэ и лъэхъэнэм ельытауэ проценти 100,2-м нос.

Илъэсыр къызэрыкIуэм и щIыналъэм щыIэ къызэрыпэщхьэрэ щIыхьэхэм, фадэ, псы зэмылIэужьыгъуэхэр, тутыныр хэту, ерыскъыпхъэу сом мелард 46,3-рэ и уасэ, ерыскъыпхъэхэм химиубыдэ товару сом мелард 47,7-рэ и уасэ иращащ. 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ ахэр ягъэрейр - процент 99,2-рэ, ятIуанэр - проценти 101,1-рэ мэхъу.

2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ирагъэкIуэжа розницэ сатур республикэм иц дэтхэнэ зыми тещIыхьауэ ику иту зы мазэм сом мин 12,1-рэ мэхъу (2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм - сом мин 11,5-рэ).

2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм республикэм и организацэхэмрэ хьэрычэт мыинымрэ и Іэзку щIапIэхэмрэ **пщIэ зыщIат** Іэзку ятхьэбзэу сом мелард 24,7-рэ и уасэ цIыхухэм хуащIащ, къекIуэкI уасэхэм ятещIыхьауэ ар блэкIа илъэсым и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ, проценти 101,4-рэ мэхъу. Зы цIыхум тещIыхьауэ къэббжмэ, ику иту мазэ къэс пщIэ зыщIат Іэзку ятхьэбзэу сом мини 3,5-рэ и уасэ зэфIагъэкIащ (2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм - сом мини 2,9-рэ).

ПщIэ зыщIат Іэзку ятхьэбзэу цIыхухэм хуащIахэм ящыщу псоупIэ-коммунальнэ Іэзку ятхьэбзэхэр - процент 31,8-рэ, телекоммуникацэм и Іэзку ятхьэбзэхэр - процент 18,7-рэ мэхъу.

2018 гъэм и дыгъэгъазэм ельытауэ 2019 гъэм и фокIадэ мазэм КъБР-м товархэмрэ Іэзку ятхьэбзэхэмрэ щыщIат **щэхуакIуэ уасэхэр** - проценти 102,6-рэ, абыхэм ящыщу ерыскъыпхъэхэм я уасэхэр - проценти 101,5-рэ, ерыскъыпхъэм химиубыдэ товархэм я уасэр - проценти 102,4-рэ, Іэзку ятхьэбзэхэм я уасэр - проценти 104,6-рэ мэхъу.

**Ерыскъыпхъэхэм ящыщу** илъэсыр къызэрыпэщхьэрэ нэрылъагъуу нэхъ пуд хъуащ пхъэмыщхьэмыщхьэхэмрэ хадзэкIхэмрэ (процент 12,5-кIэ). Нэхъ пуд хъуащ нащэ цIынэр - хуэди 2,4-кIэ, помидорхэр - хуэдэ 1,8-кIэ, къэбыстэр - процент 22,4-кIэ, кIэртIофыр - процент 20,6-кIэ, жызымыр - процент 18-кIэ, бжьыныр - процент 16-кIэ, пхъэр - проценти 10,9-кIэ, жэгундэр - проценти 6,1-кIэ. Абыхэм къадэкIуэу, я уасэхэм зэхуэдизыр бжьыныхэм - процент 34,4-кIэ, мыIэрысэм - процент 33,5-кIэ, лимонхэм - проценти 10,1-кIэ.

Адрей ерыскъыпхъэхэм ящыщу нэхъ пIащIэ хъуахэм ящыщщ макаронхэмрэ крупахэкIэмрэ - процент 13,2-кIэ, хадзэкIкI консервхэр - проценти 9,4-кIэ, лым быхъэщIыкIа консервхэр - проценти 9-кIэ, хьжьыгъэр - проценти 7,3-кIэ, лыхэкIэр - проценти 6,5-кIэ, псыIэфI зэмылIэужьыгъуэхэр - проценти 6,4-кIэ, дагъэмрэ щэмрэ, пхъэщхьэмыщхьэ, мэракIуэ консервхэр, шэр, гъэшхэкIэр, щакхъуэр, хьэжьигъэхэкIэр, бдзэжьеиным къыхэщIыкIа шхынигъуэхэр, жылагъуэ шхапIэхэм щапщэфI ерыскъыр - проценти 3,5-м хъищегъэжьауэ проценти 5,8-м нэсыху.

Зи уасэм кIэрыхуахэм ящыщщ джэдыкIэр - процент 18,9-кIэ, фошыгъур - процент 18,3-кIэ.

**ЦIыхур мазэм условнэу (нэхъ мащIэ дыдэу)** зыхуей ерыскъыпхъэхэм я уасэр 2019 гъэм фокIадэм и кIэухым ику иту КъБР-м сом 3715,79-рэ щыхъуащ икIи илъэсым и пэщIэдзэм ельытауэ процент 1,4-кIэ хэхъуащ.

**Ерыскъыпхъэхэм химиубыдэ товархэм** ящыщу псом хуэмыдэу я уасэхэм хэхъуащ псэущхьэхэм папщIэ товархэм - процент 12,2-кIэ, ювелир хьэпшыпхэм - процент 11,5-кIэ, мафIэдзым - проценти 9,4-кIэ, тхьапымпIэхэкIхэм - проценти 8,9-кIэ, Іэмэпсымэхэмрэ оборудованэмрэ - проценти 8,4-кIэ, тутыным - проценти 7,2-кIэ, физкультурэм, спортым, туризмэм папщIэ хьэпшыпхэм, алэрыбгъуэхэм, алэрыбгъуэхкIэм, трикотажым, унэльащIэхэм - проценти 4,3-м щегъэжьауэ проценти 5,8-м нэсыху.

Абыхэм къадэкIуэу, я уасэхэм кIэрыхуащ сурэттех аппаратхэм - процент 13,3-кIэ, моторхэр зэрылажьэ газым - проценти 10,7-кIэ, телерадиохьэпшыпхэм - проценти 5,5-кIэ, связым и Іэмэпсымэхэм - проценти 4,4-кIэ.

**Хущхъуэхэм** ящыщу нэрылъагъуу лъапIэ хъуащ валидолыр (хуэди 2,6-кIэ), процент 27,6-кIэ я уасэм кIэрыхуащ минералхэр зыхэмыльэ поливитамину къэралым щащIэжм.

**ЦIыхухэм хуащIэ Іэхэутхъэбзэхэм** ящыщу зи уасэм хэхъуахэм хохьэ хьэуа транспортым и Іэхэутхъэбзэхэр - процент 44-кIэ, студент общежитэм зэрыщIэсым пэкIуэ уасэр - процент 23,1-кIэ, щэнхабзэ Іэхэущапщ1эхэм я Іэхэутхъэбзэхэр - процент 13,9-кIэ, санаторхэрэмрэ узынщагъэр щрагъэфIакIуэ Іэхэущапщ1эхэмрэ я Іэхэутхьэбзэхэр - процент 13,3-кIэ, кьалэ пассажир транспортым и Іэхэутхъэбзэхэр - процент 12,9-кIэ, нэгъуэщI къэралтуризмэм пыщIа Іэхэутхъэбзэхэр - проценти 9,6-кIэ, экскурсиехэр къызэрэпэщынымкIэ Іэхэутхъэбзэхэр - проценти 9,4-кIэ, медицинэ Іэхэутхъэбзэхэр - проценти 7,9-кIэ, ГъуэгуI транспортым и Іэхэутхъэбзэхэр - проценти 6,7-кIэ, связым и Іэхэутхъэбзэхэр, транспортыр зэгъэпэщыжынымрэ зыхуей хуэгъэзэнымкIэ Іэхэутхъэбзэхэр, унагъуэхэм къыщагъэсэбэп радиоэлектрон аппаратурэр, унагъуэхэм къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжынымрэ зехьэныкIэ Іэхэутхъэбзэхэр, егъэджэныгъэм пыщIа Іэхэутхъэбзэхэр - проценти 4,2-м щегъэжьауэ проценти 4,4-м нэсыху.

Илъэсым и пэщIэдзэм ельытауэ проценти 2,6-кIэ я уасэхэм кIэрыхуащ щыгъэнхэмрэ хьэпшыпхэмрэ гъэкъэбзэнымкIэ, жьыщIэнымкIэ Іэхэутхъэбзэхэм я уасэхэм.

**Зи пшыныжьыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэу** 2019 гъэм и щIыщхьэуIу мазэм и кIэухым щIар сом мелард 21,4-рэ мэхъу. Зи пшыныжьыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэ псоми я процент 65,4-р газкIэ, электрокъарукIэ, бахъэкIэ къызэрыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкIабзэ организацэхэм, процент 21,6-р сырьём елэжь предприятхэм ятелъщ.

**Зи пшыныжьыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэу** 2019 гъэм и щIыщхьэуIу мазэм и кIэухым сом меларди 10,4-рэ щIащ. Зи пшыныжьыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэм и нэхъыбапIэр (процент 60,7-р) электрокъарукIэ, газкIэ, бахъэкIэ къызэрыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкIабзэ организацэхэм ятелъщ.

Социальнэ ахъшэр хэмыту, 2019 гъэм и щIышылэ - щIыщхьэуIу мазэхэм (хьэрычэт Іэзку мыинымрэ и Іэнатlэхэри хиубыдэу) **лэжьакIуэхэм ику иту мазэм хуатх номинальнэ лэжьапщIэр** сом 27111,0-м нэсащ икIи 2018 гъэм зыхуэфащэ и лъэхъэнэм ельытауэ проценти 9,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ. КъыщIэкIым ельытауэ ику иту ятх лэжьапщIэм проценти 4,5-кIэ хэхъуащ.

2019 гъэм и щIышылэ - щIыщхьэуIу мазэхэм лэжьапщIэ нэхъ инхэр финанс, страховой Іэхэухэм пыщIа организацэхэм, лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэр административнэ Іэхэухэмрэ Іэхэутхъэбзэ гъэдэхэнэмрэ зэфIэзыгъэкI Іэнатlэхэм щатащ.

«Роспотребнадзор»-м и Управленэу КъБР-м щыIэм къызэритамкIэ, 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм тэмакъ, тхьэмбыл узыфэхэр - процент 16,3-кIэ, кIэтIий узыфэхэр - проценти 4,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Узыфэ псори зэхэту къапщтэмэ, 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм цIыху мин 63,2-рэ сымаджэ хъуащ. Ар блэкIа илъэсым зыхуэфащэ и лъэхъэнэм ельытауэ процент 14,1-кIэ нэхъыбэщ.

**КъБР-м щыIэ МВД-м къызэритамкIэ**, 2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм къриубыдэу хабзэншагъэу 5830-рэ къэхъуауэ яткащ, 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм апхуэдэ хабзэншагъэу ятхыгъэ щытар 5156-рэщ.

Хабзэншагъэхэм ящыщу 1175-р щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэм, 510-р щIэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ. 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр процентти 4,9-кIэ, щIэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэр - хуэдэ 1,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Хабзэншагъэ псоми я процент 28,9-р щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ щIэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэмрэ ящыщщ.

2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм къуаншагъэ зылэжьауэ къыщIагъэщIэхэр щIыху 2971-рэ мэхъу икIи ар 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм ельытауэ процент 1,3-кIэ нэхъ мащIэщ.

Къуаншагъэ зылэжьауэ къыщIагъэщIэхэм ящыщу уголовнэ жэуапым щIыху 2492-рэ ирашэлIащ, абыхэм щIыхубзу 316-рэ, балигъ мыхъуауэ 64-рэ яхэтщ.

2019 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм къэхъуа хабзэншагъэхэм ящыщу процент 71,7-р зэхагъэкIащ, 2018 гъэм и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм а бжыгъэр процент 75-рэ хъуурэ щытащ.

**КъызэрабжамкIэ**, 2019 гъэм фокIадэм и 1-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыху мин 867,9-рэ щыпсэуащ. Граждан Іэхэухэмкlэ актхэр зратхэ Къэрал реестр зэгъэтым къызэрыщIагъэтлъэгъуамкIэ, 2019 гъэм и щIышылэ - щIыщхьэуIу мазэхэм къалъхуахэр 6548-рэ, пIахэр 4893-рэ мэхъу, 2018 гъэм и щIышылэ - щIыщхьэуIу мазэхэм сабий 7078-рэ къалъхуащ, щIыху 4811-рэ пIащ.

Нэчыхьу ятхащ 2443-рэ икIи ар 2018 гъэм и щIышылэ - щIыщхьэуIу мазэхэм ельытауэ процент 13,2-кIэ нэхъ мащIэщ. ЗэбгъэдэкIыжхэм я бжыгъэм процент 23,7-кIэ кIэрыхуащ икIи ахэр зэрыхъур 1144-рэщ. Ику иту къапщтэмэ, 2019 гъэм и щIышылэ - щIыщхьэуIу мазэхэм ятха нэчыхьу 1000 къэскIэ 468-рэ якъутэжащ, 2018 гъэм зыхуэфащэ и лъэхъэнэм къриубыдэу зэбгъэдэкIыжахэр 533-рэ мэхъу.

***Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ и Управленэ.***



**Бахъсэн щIыналъэ**

## Зэхьэзэхуэм кърикIуар къапщытэж

**Бахъсэн щIыналъэм и щIыпIэ администрацэмрэ «Баксанский вестник» газетымрэ я жэрдэмкIэ социальнэ рекламэ зэхэтэуэвэнымкIэ «ЩIалэгъуалэр Іулъхьэм, терроризмэм, экстремизмэм и бийщ» зэхьэзэхуэ екIуэкIат. Абы кърикIуар къызэщIакъуэжащ.**

ЗЭПЕУЭР къызэрагъэпэщащ «2017 - 2020 гъэхэм ятещIыхьауэ Бахъсэн щIыналъэм Іулъхьэм щIепщIэтыным и Іэхуэкlэ», «2016 - 2020 гъэхэм Бахъсэн щIыналъэм терроризмэрэ экстремизмэрэ къыщIымыгъэхъуным екъэлIауэ лэжьапхъэхэр» муниципальнэ программэхэм къыщIагъэпэгъуахэр гъэзэщIэным тету.

Зэхьэзэхуэм хэтащ илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 35-м нэс зи ныбжь щIалэгъуалэр. Абыхэм я лэжьыгъэхэр къагъэлъэгъуащ «Іулъхьэм дрибийщ», «Терроризмэрэ экстремизмэрэ щремыIэ» кхьхуеджэныгъэхэм щIэту.

- Лэжьыгъэхэр я зэхэгъэувэкIэкIи щIалъхьа гупсысэкIи зэхуэдэтэкъым. Нэхъыбэу гулыитэ зыхуэтщIар щIалэгъуалэм я Іуэху бгъэдыхьэкIэм щIэщыгъуаГэ зэрыхалъхьэфащ, - къыхигъэщащ зэхьэзэхуэм и хэпщытакIуэ гупым и унафэщI **Ахъуэбэч Анзор.**

Зэпеуэм къыщагъэлъэгъуа лэжьыгъэ 26-м щыщу нэхъыфIу 4 къыхахащ. Абыхэм тету рекламэхэр яГъэхьэзыра нэужь, щIалэгъуалэм и къуажэхэм щыфIадзэнущ. Зэхьэзэхуэм щытекIуаХэм щIыхь тхьылъэ ахъшэ саугъэтрэ иратащ.

**ШЫПШ Даянэ.**

## Хэхауэ хьэрычэтыщIэхэм ядоIэпыкъу

**Хъумапlэ банк**

**Урысейм и финанс-кредит Іэхэущапlэ нэхъ ин дыдэм - Хъумапlэ банкым - и лэжьакIуэхэм иджыблагъэ ягъэлъэпIащ банкыр къызэрызэрагъэпэщрэ иIъэси 178-рэ зэрыкIуэр. А пIалъэм екъулIэныгъэ щыIэкIаХэр иIэу ирихьэлIащ Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыдамэри. Ди корреспондентыр щепсэльам мы Іэхэущапlэм и унафэщIу иджыблагъэ ягъэува Бейтыгъуэ Залинэ къыжриIащ:**

ПСОМ ящу къэгъэлъэгъуапхъэщ Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр республикэм и кредит-финанс Іэхэущапlэ нэхъ ин дыдэу зэрыщытыр. Ар куей псоми, апхуэдэу жылагъуэ ямыхъ ину ди щIыналъэм щыIэхэм щолажьэ. Абы цIыху щхьэхуэхэм я ахъшэ гъэтIылъыгъэхэм я процент 67-р ехъумэ, апхуэдэу розницэ кредитым и зэхуэдитIым щIигъур къыпIоС. Банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр налог нэхъыбэ дыдэ зытхэм ящыщщ. Ар зэщIэгъэуIуауэ икIи сэбэныгъэ пылъу ядолажьэ республикэм и къэрал властым и органхэм.

Иджырей лъэхъэнэм бизнесым и зэфIэкIыр къэзыIэтыр инновацэхэрщ, абы къыхэкIыу Хъумапlэ банкыр хьэзырщ инноваци мурад губзыгъэхэр пхырыкIыным сыт хуэдиз ахъши тригъэкIуэдэну. Абы и Іэнныкъуэкlэ куэд зэфIигъэкIыфынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зегъэужьынымкIэ корпорацэ» акционер зегухьэныгъэм. Абы щыгъуэу Хъумапlэ банкым республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проект зыбжанэ ахъшэкIэ къызэрэпэщащ. Иджыпсту абыхэм ягъэхьэзыр мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным хуэунэтIа проектхэу сом мелуан 500-м щIигъу зи уасэ.

Къэралымрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ я мылькур зэдэгъэпэжьэным, нэгъуэщI зэкIэлIэужьыным апкъ иткIэ иужьрей илъэсхэм банкыр хэту экономикэм и Іэнатlэ зэмылIужьыгъуэхэм инвестицэ проект инхэр щагъэзэщIащ. Абыхэм ящыщщ пасэу къызыпыкIэ жыг хадзэкр, иджырей хадзэкIхэр зехьэныр, мэкъумэш продукцэм елэжьныр, ищIэупщIэ зиIэ медицинэ Іэмэпсымэхэр къыщIэгъэкIыныр, теплицэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкI хьэмапIэхэмрэ ухуэныр.

Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр Іэхэущапlэм и Іэжьыгъэм и унэтIыныгъэ зэхъыщхьэхэм ящыщщ хьэрычэт Іэнатlэ мыинымрэ и Іэхэущапlэхэр кредиткIэ къызэгъэпэщыныр. Абы и Іэныкъуэкlэ банкыр быдэу япщIащ бизнес мыиныр дэIыгъынымкIэ инфраструктурэм хуиубыдэ Іэхэущапlэхэм. Ар сэбэп зэхуэ бизнесым и зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэу нэхъыбэкIэ узыщщIигъ хьунуэр и зэманым наIуэ къыщIыныкIэ икIи апхуэдэ унэтIыныгъэхэм хиубыдэ проектхэм ящыщу нэхъ тэмэмхэр кредитэмкIэ къызэгъэпэщыныкIэ. 2019 гъэр къызэрыпэхурэ апхуэдэ Іэнатlэхэм щылажьэ хьэрычэтыщIэхэм кредит 650-м щигъу ираташ, псори зэхэту сом мелард 1,5-рэ хъуурэ.

Хъумапlэ банкым и Іэхэущапlэр республикэм и организацэхэмрэ Іэхэущапlэхэмрэ ядолажьэ, улахуэр щIыхухэм зэрыратыр нэхъ тэмэму икIи псынщIэу къызэгъэпэщыным хуэунэ

# ТхакIуэм и иужьрей IэдакъэщIэкI

● Жыжьэ - гъунэгъу

***Журт Биберд Къумыкъу и къуэр Шэрэдж щIыналъэм хыхь Аушыджэр (Дыгъужьыкъуей) къуажэм 1937 гъэм мэлыжьыхьым и 19 кьыщалъхуащ. А зэманым халъхуэ куэдым хуэдэу, Биберд сабиигъуэ дахэ, щIалэгъуэ тынш иIаэу жьыпIэ хъунукъым.***

***Къуажэ школыр къиуха иужькIэ, зы илъэскIэ колхозым щылажьэри, 1958 гъэм КъБКъУ-м и филологие факультетым щIэтIысхьащ. А илъэсхэм абы и усыгъэ щхьэхуэхэр, Іуэтэж кIэщIхэр къытехуэу хуожьэ республикэм щыкьыдэ газетхэмрэ журналхэмрэ. 1964 - 1978 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыбым телевидениэмрэ радиовещанэмкIэ и комитетым корреспонденту, литературэ-драмэ нэтынхэм я редактор нэхъыжьу щолажьэ. 1983 гъэм къыщыщIэдзауэ Журтыр «Нур» сабий журналым и къудамэм и редакторщ.***

***ТхакIуэм и тхыгъэ нэхъыфIхэр гъащIэм щыщ Іуэхугъуэ нэхъыщIхьэхэм тегъэпсыхьащ. Биберд и псалъэ купщIафIэхэр зыщIэпъуэрэдзхэм, ягъэпалъэ къыхэр, ныбжьэгъугъэр, цIыхугъэр, лъагъуныгъэр...***

***ТхакIуэм и Іуэтэж купщIафIэхэмрэ псэр зыгъэгуфIэ повестхэмрэ къыщыхэмыщIауэ, и къалэмыпэм къыщIэкIащ драмэ зыгъэмтхэри. Абы и пьесэхэр щагъуэващ Щоджэнцыкіу Алий и цIэр зезыхь Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Мэхъэчкъалэ, Ташкент, Уфа къалэхэм, нэгъуэщIхэми.***

Кіыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я гъусэу. *1975 гъэ*

***Нобэ льэпкъ литературэм игъуэта зыужьныгъэм Журт Биберд и гуащIи и фIыщIи хэльщ. Абы и цIэр яхэтщ адыгэ сабий литературэр езыгъэфIэкIахэм. Журт Биберд и Іэдакъэ хъыщIэкIащ «Си унэщIэ дыдэр» (1971), «Си сабиигъуэм и бжьэпэ» (1974), «Гъатэ пасэ» (1980), «Адэжь лъапсэ» (1987), «Аджжьуэ» (1993), «Тхыгъэхэр» (1997), «Вагъэбж» (1994) тхыльхэр, нэгъуэщIхэри.***

***Биберд адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ тхакIуэ цIэрыIуэ куэдым я тхыгъэ купщIафIэхэр. Абыхэм ящыщщ Толстой Алексей, Айтматов Чингиз, Думбадзе Нодар, Карим Мустай сымэ, нэгъуэщIхэми я Іэдакъэщ Іэхэр. Журтым зэридзэкIа льэпкъ-къыщIэкIащ «Си Іуэтэжьхэм игъуэващ Щоджэнцыкіу Алий и цIэр зезыхь Къэбэрдей къэрал драмэ театрым.***

***Журт Биберд Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгуэныгъэхэм хэтащ. 1991 гъэм абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр.***

***Фи лащхь итлъхьэ тхыгъэ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэм 2002 гъэм и Іэдакъэ къыщIэкIащ. А льэхъэнэм, детектив жанрым зрагъэужьын мурад яIэу, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм тхыгъэ зэпеуэ къыхилъхьат. Биберд и повестым къежьапIэ хуэхъуари аращ. Тхыгъэр редакцэм кIасэу къыззыIэрыхьам къыхэкIыу, традзауэ щытакъым.***

***«Шыдыгъу» повестыр зи Іэдакъэ къыщIэкIар мыпсэужми, ди щIэджыкIакIуэхэм Іэмальфі яIэщ а тхыгъэм псом япэ нэIуасэ зыхуащIыну.***

ЖУРТ Биберд

# ШЫДЫГЪУ

Повесть

I

ЛЭЖЬЫГЪЭ нэужьым, Езид унэм дэмыкьэжу, Долинск хадэм дэкIуеящ. АтIэми, бжьыкьэку мазэ тельыдджэт, нэр зытелпъэм псэ ихьэхуу. Долинск хэзрынэсу щIидзэри, тIэм ильагъу псор жыг хадэт. Мы гъэм пхъэшъэмышIэхэр апхуэдизкIэ бзэгъати, ерагъкIэ жыгым иIыгъ къудейт, къещIыкIэха къудамэхэри мащIэтэжьым.

Унэ дахэ куэд иращIыхьащ цIыхуэхэм я хадэхэм, тIууэ зэтетрэ дунейр я инагъыу. Апхуэдэжьм нэхъыбэр зэреджэр дачэт. Езид ящыщтэкъым унэшхуэ зыщIахэм. Ар кьелажу ирикъурт ильэс зы пщыкIутху ипэкIэ, щIыр къыщIратагъащIэм, ищIа унэ цIыкIум. ПашьефIитI хъурт, кIэльндор тIэкIри Іутыжу, нэхурэ Іэхуитльэхуиту. Пожу, ар щIищIам щыгъуэ, зыльгъэгур ехъуапсэрт, нэхъ инн нэхъ дахи а щIыналъэм иттэкъым. Абы щыгъуэ жаIэрт: «TIэ, мылицэм хэтым унэ имыщIмэ, хэт щIыIэ?» Мо унэ зэтет инхэр кьращIэкIа иужьи ягъуэтащ Езид къыхуажаIэм: «Ужийкъыми ар, армыхьмэ, дыщIу ирищIыжьынкIэ тхьэ дыгъаIуэ. СIIо, апхуэдизкIэ мылищэ хэта полковникым унэ хуэмыщIыну ара?» Аэрри зэхихьыжьт Езид, зэхихьж къудей мыхъуу, кьраубыдылIэу къыщыщжраIэри мащIэтэжьым. Аущ полковникыр и пащIэкIэ щIэгуфIкIэ мыхъумэ, апхуэдизкъм жэуап лъэпкъ яритыртэкъым. АриткIи, кьагурыIэунутэкъым, ар къызыгурыIуэнум апхуэдэу къыбжиIэнукъым. TIэ, сыт дунейм абыхэм уеIупсалъэу зэманыр щIебгъэкIунгр?

Абыхэм егупсысуэ дожей Езид Долинск, дожей, мыплащIэуръ. Дуней и дахагъэмрэ зэм ильагъу бэвыгъашхуэмрэ нэхъ ин ящIырт цIыхуэр, нэрымылъагъу фIыгъуэ гуэрхэм хураджэу, хуаIэту. АтIэ Езид нэщхьейщ, гукъыдэжк льэпкъ иIэкъым. Апхуэдэурэ здэжэм, игу къекIыжащ нышэдибэ лэжьаIэпIэм щекIуэкIа псалъэмакъ мыхъумыщIар, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, псалъэмакъ гуауэр. ИгъащIэ псом апхуэдэ псалъэмакъ щекIуэкIыу щытакъым и лэжьаIэпIэм, ауэ илъэс ныкъуэфI хъуауэ, я унафэщIыр зэрызэрахьэкIрэ, псалъэмакъыр щIэх-щIэхыу-рэ къэхъеи хъуащ. ЩIэуэ къагъэкIуа унафэщIым, Мурат, зыкъом льандэрэ мылицэм хэта щхьэкIэ, унафэщI хъунутэкъым, иIэтэкъым апхуэдэ зэфIэкI. ЗэфIэкI зэриримыIэр апхуэдизу щына-гъэтэкъым, ар кьыгурыIуэжу, зыгуэрхэр зригъэщIэну иужь иту щытатэмэ. Абы кьиззрилъытэмкIэ, кьизыхьхьажэр лэжьефыркъым. И щхьэ течауэ ар псоми яжриIэфырэтэкъым, ауэ зыгуэрхэр я закъуэу кьиубыдэрэ яреIуэкI, мыдрейхэми ар ауан ящIу, яIэтэж. Пэжу, унафэщIыщIэр зыкъомкIэ нэхъыщIэщ Езид нэхърэ, и дамэтелъми зы вагъэшхуэ хущощIэ Езид льэщIыхьэным. Ар подполковникуэ аращ. УнафэщIу кьыщIэкIэрагъащIэм, ар зыкъомрэ яужь итащ Езид нэхъ гъунэгъу зыкъхьауиблэу, зыкъхьуищу адрейхэм я щхэхуэр жриIэрэ зыгъэщIэну иужь иту щытатэмэ. Абы кьиззрилъытэмкIэ, кьызыхьхьажэр лэжьефыркъым. И щхьэ течауэ ар псоми яжриIэфырэтэкъым, ауэ зыгуэрхэр я закъуэу хущощIэ Езид льэщIыхьэным. Ар подполковникуэ аращ. УнафэщIу кьыщIэкIэрагъащIэм, ар зыкъомрэ яужь итащ Езид нэхъ гъунэгъу зыкъхьауиблэу, зыкъхьуищу адрейхэм я щхэхуэр жриIэрэ зыгъэщIэну иужь иту щытатэмэ. Абы кьиззрилъытэмкIэ, кьызыхьхьажэр лэжьефыркъым. И щхьэ течауэ ар псоми яжриIэфырэтэкъым, ауэ зыгуэрхэр я закъуэу кьиубыдэрэ яреIуэкI, мыдрейхэми ар ауан ящIу, яIэтэж. Пэжу, унафэщIыщIэр зыкъомкIэ нэхъыщIэщ Езид нэхърэ, и дамэтелъми зы вагъэшхуэ

# Адыгэ кинор Урысейм щагъэлъагъуэ

● Гъуазджэ




**Щэкlуэгъуэм и 7-м щlидзауэ УФ-м и кинотеатрхэм щокlуэкl театрымрэ кинормрэ я режиссёр щlэрыlуэ, АР-м гъуаздджэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ Емкlуж Андзор триха «Невиновен» ешlымыр.**

«ГУАПАГЪЭР цIыхум кIыдалъху», - жиIащ Конфуций. Ауэ кинм щыдолъагъу цIыхур гупщIанэу дунейм кIытехьэ щхьэкlэ, хьэл мыхъумыщIэ зэрызэхилъхьэфыр, фIымрэ Iеймрэ зэбгъуныту кIыхьэзыздэгъэгуэгурыкIуэр. Дауэ а тIур зы дунейм зэрытезагъэр? Лейр пхуэгъэгъуну? Бийм уегуэнэкIыфыну? ЦIыхух гъащIэм нэхъ лъапIэ тет дунейм? Уэ пхуэдэм ажалкlэ ухуэупсэ хъуну? ЦIыхугъэмрэ гущIэгъумрэ, цIыхугъэншагъэмрэ пхъашагъэмрэ, дэтхэнэра нэхъ лъэщыр? Уплщlэ куэд гум кIыщIызыгъэуш, жэуап купщIафIэхэр щыбгъуэт фильмыщ зи гугъу фхуэсщIынур.

Кином кIыщIихъу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр, иужькlэ сюжет гъэщIэгъуэн кIыхьзрыкIыр - зы лъэпкъым щыщ щIалэр нэгъэщI лъэпкъ кIыхьзкIам зэриуKIырц. Ауэ режиссёрым зэрыжиIэмкlэ, кином кIыхьзрыщIигъэлъэгъуэмкlэ, яуклари зыуклари кIуанэ щэхьым, тIури хейщ. Апхуэдэ щыIэ?

Къохъу апхуэдэ. Мы маухуэхэм цIыху цIыкIум яхуэмыIуэтэжу здэкIуэ фильмыщ «Кавказфильм» киностудием (унафэщIыр ЕмкIуж Андзорщ) трихар. Ар дахэу утыку кIрахьащ щэкIуэгъуэм и 6-м, щэкIуэгъуэм и 7-м Урысей псом щежьащ гъэлъэгъуэнигъэр. КъэлъалIуэрэ прокатыр къэзыщтэ кIалэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Ар гуапэщ. Къэрал псор йоплъ ди хэкужьым и беягъыр, ди лъэпкъым и хабзэ дахэр, ди цIыхухэм я дуней тетыкIэр кIыхьзыхущ, дунейм щекIуэкI къэхъукъащIэхэр Кавказым щыпсэу цIыхум и нэкIэ зэриIагъэм теухуа фильмым.

«Невиновен»-м щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр зейр абы и режиссёрыращ. Сценарийр тхыныжкIэ дзэлыкъуэгъу кIыхьэхъуащ КъШР-м щыщ тхакIуэ, усакIуэ, драматург Шыд Юрийрэ (иджыблагъэ дунейм ехыжащ, ди жагъуэ зэрыхьунщи) «Кавказфильм» киностудием и оператор-постановщик, драматург щIалэ Хьэкъул Ратмиррэ. ИлъэсиIтIым кIэриубыдэу кинор трахри, дунейпсо мардэм изэгъэнымкIэ (постпродакшн) зы илъэскIэ Москва щелэжьижащ. Дунейм кIытехьащ адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ хъун, дунейпсо утыку ипхьэну узытемыукIытыхьын, лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ кIыдекIуэкI хабзэжьхэр кIыхьзыхэщ фильм тельыджэ.

Сыт ар нэхъри тпэгъунэгъу зыщIыр? Дауи, ди артист щIэрыIуэхэр зэрыхэтырщ. ЛIыхъужь нэхъыщхьэр КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Щоджэнщ Iыкlуэ Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кIэрал дамэ театрым и артист пажэ Хьэмэрзэ Ахьмэдщ. Айтэч и ролыр хуабжьу хьэл-щэныфI защIэкIэ псыхьащ. Адыгэ цIыхухъу зэпIэзэрытым, щIэныгъэ зыбгъэдэлъым, пэжымрэ захуагъэмрэ япэ изыгъэщIым, гъащIэм хуэIуащым, и дэтхэнэ лъэбакlуэрэ зэпэзыщэчыфым, нэхъыщхьэращи, адыгэлI нэсым и щапхъэ Айтэч. Ахьмэд а ролыр апхуэдизкIэ дахэу игъэззэщIащи, джэгуагъэ фIэщщыIыгъуейщ, дунейм зэрытетым хуэдабззэу хэтэуэ кIыпIщегъэхъуфри.

Апхуэдэ дыдэщ анэм и ролыр Андзор зыхуигъэфэщ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткъ, Щоджэнщ Iыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кIэрал драмэ театрым и актрисэ Тхьэщыгъуей Жаннэ. Зи бын зыфIэкIуэда анэм и гум щыщIэр псалъэкIэ кIыпIхуэIуэтэнукъым. Кином хэт Зери и псалъэр мащIэщ, ар мэгуIэ, мэхащIэ. И кIуэ нэхъыжьым и хьэдэр зыщIыздахьэжьым ар кIызэрикъуГыщкIымрэ и кIуэр зыIэщIэкIуэда бзаджащIэр и ролыр, ауэ нэхъ хейм тохуэ жыхуаIэращи, кинор гущIыхьэу еух.

Режиссёрым и лэжьыгъэр къыщIехъулIам и зы Iыхьэщ актёрхэм я Iэзэгъыр, ауэ абы и хэкIыпIэр пасэу иубзыхуат ЕмкIужым. Абы кIыхьзрыджIамкIэ, сценарийр тхын щIимыдзэщIыкIэ зи гугъу тщIа ролхэр зыгъэззэщIну актёрхэр кIыхьихакIэт, и щхьэм щIыззэригъэззэхуакIэт. Арагъэнщ фильмыр апхуэдизу гущIэм нэсу щIыщIытыр. Хьэщэ Къанцобий, Хьэдзэдж Борис, КIэмырГуей Валентин, Шыпш Къантемыр, Къардэн Заур, Хьэхъупащэ ФатIимэ, Шыдгын Тимур, Зэмай Аминэ - театрым и актёр Iэзэхэр - кино утыку ирищащ Андзор икIи къайхъуплIауэ жыпIэ хуэнуц.

Фильмым кIыщIигъэпэсгъуащ адыгэм кIыдалъагъу Iуэхугъуэ къуэд. Хуабжьу гукъинэжщ щIалэ хьэжьэ, лIы текIий, лейми гъэгу Мурат (Дыщэкl Замир) и образыр. И кIуэшыр зыуклар псынщIэу кIыгъуэту иль ищIэжьыну иольэдзкъэщыкI Мурат, абы и тельхьэхэри мащIэкъым. Ауэ ГъащIэм хуэнабдзэгубдзаплъэ нэхъыжьхэр, акъыл зэтеубыдакIэ гупсысэ Айтэч сымэ токIуэ абы. Нэхъыщхьэращи, анэм хуегъэзгъуф дей зезыхьа щIалэм IэщIэщIа щIэпхъаджагъэр. Анэм и пащхьэ кIэрагъэувэ лIыукIыр и кIуэм и ныбжьыныращ, абы и адэ-анэр зэрыса мафIэгур. Кавказым щыщ бзаджащIэхэм кIащхъуащ зэгугър, цIыкIуу ибзу къэна щIалэщIэр уэрамым кIыщIыхъуащ, хьэулейхэм зыхащащ, «нэхъыщхьэхэм» ягъэзлажьэ лейзехьэ гупым ящIыщ зы хъуащ. Анэм кIыгурофIуэ зи сабиигум дыркIуэ тельъ щIалэр зыгуэрхэм «Iэмэпсымэу» кIыхьэ рагъэсэбэпыр, и гум теуэрэ хуигъэгъуфмэ, абы и гъащIэр зэрихьэжьыфынур, лIы укIыныр кIыхьзрихьэувыIэнур. Аращ Айтэчи зи тельхьэр. Егор (Проскурин Артур) зэрихьа лейр хуэзыгъэгъуну хуейхэмрэ ар зыкIыкIну илъэдэхъэщыкIкIэмрэ къаувыхьауэ пщIантIэм щыдэтым; анэм ищIанумрэ жиIэнумрэ пэплъэу лIы гупыр щыхьэхэтым; шэмы шхуми ису гуIэгъуэр зытелъ анэр гукIэ щыЧэнджащэм... Нэпсыр къреГъыуэри, гущIэр зэрегъэдзэкI.

Дауэ а къомыр лъэпкъым щымыщ цIыхум зэриплъагъур? Москва къикIа следователыр кхъэхъукъащIэм кIэлъоплъ. Къэрал хабзэм тету Iуэхур зэрфIэхыным къытекIуэха бзылъхугъэм илъагъур фIэтелъыджэщ. ЛIыукIыр гуауэ кIыхьзыгъэсахэм я пащхьэ ишэныр фIэщыпагъуэщ Аллэ (Дрожжинэ Татьянэ, АР-м щыщщ), узыпэмыплъа гуэр къэхъункIэ щынагъуэщ, лей зезыхьар жэуапым иришалIэмэ нэхъ къещтэ. Ауэ ди щIалэ губжьаХэм зрадзыну хьэзыр пэтми, анэм лIыукIыр зреубыдыпIэ, Егор щхьэхуит мэхъу. Лейзехьэм хуэдзэлащхэхэм я губжьыр иракъух. Аллэ илъагъур и фIэщ хъуркъым. «Къэхъур сыт?» - щIоупщIэ. «Къэхъу хабзэщ, - ират жэуап. - Анэм игъэгъуащ».

Кином нэхъыщхьэу укъызыхуриджэр мис араш. Зи къуэ ЖукIа анэм зыуклам хуегъэзгъури, лъыгъажэр зыкIэзгъгъэгъэувыIэ.

Адыгэ къуажэм, хьэблэм, пщIантIэм, унэм дежь щегъэжьауэ а жьлэм дэлъ хабзэмрэ щекIуэкI адыгэ гъащIэмрэ къыщIигъэлъэгъуащ мы фильмым. Ауэ щыхъукIи, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ лъабжьэ хуэхъуар, цIыху куэд, зыгъэпIейтей къэхъукъащIэщ зыхуэгъэпсар. Режиссёр ЕмкIуж Андзор зэрыжиIэмкIэ, цIыху зэхэгъэж, лъэпкъ зэныкъуэкъу, щIалэгъуалэ зэпэщIэувэныгъэ щыIэн хуейкъым. ЦIыху гъащIэр зыщ зэрыхъур, ар зым адрейм IихыIыр къеззгъыркъым. ЗэгурыIуэрщ, щыIэныгъэрщ, мамырыгъэрщ мы дунейр щызыгъэIэри, зэтезыIыгъэри. Мис аэращ адыгэ кином цIыхубэр кIыхьзыхуриджэ гупсысэ нэхъыщхьэр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

# Зы текIуэныгъэм къиIэтыжа гукъыдэж

«Краснодар-3» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:1 (0:0). Краснодар. «Краснодар» ФК-м и академием и стадион. Щэкlуэгъуэм и 17-м. ЦIыху 550-рэ еплъащ.

***Судьяхэр:*** Соколов, Чекалин, Селезнёв (псори Воронеж щыщщ).

*«Краснодар-3»:* Штёпэ, Пивоваров (Манелов, 46), Храмцов (Корнюшин, 31), Пунегов (Мавлянов, 57), Логачёв, Кратков (Байрамян, 79), Симонов, Рейхмен, Самко, Берснев (Пидлисняк, 60), Волков.

*«Спартак-Налшык»:* Щоджэн, Сындыку, Белоусов (Талабкэ, 90+1), Ольмезов, КIэдыкIуей, Iэпщащэ (Iэщын, 80), Салахетдинов, Дэхъу, Хьэшыр, Машэжь, Ашу (Бацэ, 76).

***Тольр дитьэкIащ:*** Хьэшырым, 90+2 (0:1).

***Дагъуэ къыхуащIащ:*** Ольмезовым, Бацэм, Самко.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «ИпщэгъуэнымкIэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм щыщу мы илъэсым щыIэну иужь джэгуГуэм хэтыну «Спартак-Налшыкыр» вэсэмахуэ Краснодар кIуащ, мазитIым нэблигъэуэ текIуэныгъэм и Iэфлагъыр Iумыхуарэ, мазэрэ ныкъуэм щIигъуауэ и хьэрхуэрэгъуэхэм топ яхудимыгъэкIыфу. Адэкlэ зэпеуэр мазиплIкIэ зэпагъэуэнут икIи мы гъэм и кIэуэ зэIущIэм къуэдкIэ елъытат, езы командэми къыдэщIхэми сыт хуэдэ гукъыдэж яIэу щIымахуэ зэман кIыхьыр ягъэкIуэнуми. Ар фIы дыдэу псоми къагурыIуэрт икIи хуэфэщэну загъэхьэзырат.

«Краснодар-3»-м щIэрыIуэ «Спартак-Налшыкымрэ» нобэкIэ яIэ зэфIэкIхэр зэрызэщхьэщыкIышхэу щIэнэкъым. Абы и щыхьэтщ зэгъунэгъуэ турнир таблицым и кIэуэ уэвыIэкIэ зэрыщытыр. Апхуэдэхэм я зэпэщIэтыныгъэр гуащIэ щыхъу щыIэщ, къарукIэ зэрызэхуэдэм къыхэкIыу, икIи екъулIэныгъэр зыIэрыхьэр нэхъ ерыщыщ. «Спартак-Налшыкым» абы кIэ дзбгъуэн щыIэтэкъым - Владикавказ щыIэу 0:8-уэ къызэрыхагъэщIар нэхъ псынщIэIуэу зэрапшынывжыным абы щыджэгуэгъэщIохъуэпс.

ИпэкIэ кIуэтэн хуейуэ щытыкIэм къигъэувыт, ди щIалэхэр нэхъыбэу зыхущIэхъуар я гъуэм и бгъэдыхьэпIэхэр къызэрырагъэзыдэкIынырщ. ЯщIэжырт иужь джэгуцыхэм, жэуапыншэу топ пщыкIуплI къызэрыздэгъэкIар. Хэгъэрейхэри здэпIащIэ щыIэтэкъым. А псом къыхэкIыу лъэныкъыутIым яшыхэзыр япэу гъуэм щеуар зэIущIэм и 22-нэ дакъыкъэраш: Iэпщащэ Марат «Краснодар-3»-м и гъуэщ-хьэтетыр джэгум къыхишащ. ИужькIи футболистхэм гугъу зэрызрагъэхьащащ щыIэкъым.

Апхуэдэ щытыкIэм краснодардэхэр игъэбэлэрыгъащ. Абыхэм къащхьэущ «Спартак-Налшыкым» адэкIи апхуэдэу иригъэкIуэкIыну икIи зэIущIэр фIамыхь къудеймэ арэзыуэ. Арщхьэкlэ, ди щIалэхэр хуабжьу хуэйт текIуэну. Абы щыкIыр текIуэщ джэгум и етIуанэ Iыхьэм и щIэдзкIэр.

● ФщIэн папщIэ

# Сом мелуанитIым щIигъу япшныж

**Зэратх Iэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, щэкlуэгъуэм и 2 - 8-хэм кIэриубыдэу гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр 6 561-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуани 4-рэ мин 451-м щIигъу. А махуэхэм кIэриубыдэу сом 1 510 900-рэ япшынащ - тралъхьан и процент 34-р.**

ПIАЛЪЭР фIагъэкIамэ, Iуэхур Суд приставхэм Iэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьи) кIэриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитIкIэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кIэ щIыхьр ягъэлажьэ.

Къуэды пстемыльрэ пстемыльрэ къыщыпщIэфынуц Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Уасэ зиIэмрэ зэманымрэ







**Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тедзапIэм ильэс зыбжанэ хъуауэ къыщыдгъэжкI «Кавказ» тхыль гупым щыщщ нобэ зи гугъу фхуэтщIынухэр: МафIэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэмрэ» (урысыбзэкIэ) Кавказ лъэпкъым я зэхуаку дэлъ зэгурыIуэныгъэм щыхьэт техъуэ лъэпкъ Iущыгъэхэр зэрыхуа «Кавказкий этикет» зыфIащамрэ.**

УАСЭ зиIэр зэманым къеГъэлъагъуэ. Ар хужьлIэфынущ лъэхъэнэщIэ къэс и къару мылъытэр щIэрыщIэу наIуэ къэзыщI адыгэ хабзэжьхэм. Анэдэлъхубзэм и гъунапкъэм итыху, ар дыззэсжа гуэру къытфIэщIми, нэгъуэщIыбзэм зэриувэу, ар лъэпкъ псом и дуней тетыкIэу, зы хъумэжьыкIэу икIи зыузэщIыкIэу зэрыщытыр уи фIэщ мэхъу. А гупсысэрщ и лъабжьэр. Сэрэбий адыгэбзэкIи урысыбзэкIи итхауэ щыта «Адыгэ хабзэм». «Мы тхылъыр зыхуэгъэзар адыгэхэрщ - иджырей къэбэрдейхэм, шэрджэсхэм, Iэрыпыатэу, шакъэкIэ ямытхауэ къекIуэкI абыхэм я уэркъ хабзэжьу «адыгэ хабзэкIэ» зэджэм, - дыкъыщIоджэ тхылъым и пэублэм. - Ауэ абы къикIыркъым тхылъым нэгъуэщI къеджэ мыхъуну хьэмэрэ еджэн хуэмейуэ. Зэрыб псалъэр хэти хуэгъэзащ икIи тельыдджэщ абы цIыхухэм зэрызащIигъэкъуэфыр, я щэныфIагъым тегъэщIапIэ хуэхъур ихьуэжу».

МафIэдзым и тхылъым уасэшхуэ зэриIэр къэзыгъэлъагъуэр ар зыхуэй хуэза лэжьыгъэу зэрыщытым и закъуэкъым. Дыззрыт пъэхъэнэм и нэщанэхэм язщ, зы лъэныкъуэкIэ, хабзэмрэ тхыдэмрэ щIалэгъуалэм хуаIэ гулыитэр нэхъ ин зэрыхъуар. Ауэ ар зэдзэкIын зэрыхуеймри къеГъэлъагъуэ щIыпIэщIыпIэкIэ зэбгрыкIа ныбжьыщIэхэм, хэкум исхэри яхэту, хабзэр адыгэбзэкIэ яджыжьныр, ар я Iыхьлы-благъэхэм къыбгъэдахьныр гугъу зэрыхуар. Ешэ МафIэдзми гу зэрылъитащи, адыгэ хабзэм езы лъэпкъым и кIуэцIым унэтIыныгъитI къыщищащ. Зыр - ар дауэдапщэу, нысашэм, гущIэхэпхэм, нэщхьеягъуэм пыщIа зэхуэсхэр зэрагъэдзэкIэ Iуэху зекIэкIэ яджыжьныр, ар я Iыхьлы-благъэхэм къыбгъэдахьныр гугъу зэрыхуар. Ешэ МафIэдзми гу зэрылъитащи, адыгэ хабзэм езы лъэпкъым и кIуэцIым унэтIыныгъитI къыщищащ. Зыр - ар дауэдапщэу, нысашэм, гущIэхэпхэм, нэщхьеягъуэм пыщIа зэхуэсхэр зэрагъэдзэкIэ Iуэху зекIэкIэ нэхъ куущ хабзэм щIэлъ философиер: цIыхур дунейм и кIуапIэм тезыгъахуэр, и гупсысэкIэр зэтезыхуэр. А лъэныкъуитIми я щапхъэ ущрохьэлIэ Котляровхэ я фIыгъэкIэ гъащIэщIэ зыгъэтхыжа, МафIэдз Сэрэбий и тхылъым.

«Кавказский этикет» тхылъри удихьэхьи хуэдэу зэхагъэуващ. Тхылъым и япэ Iыхьэр топсэлъыхь кавказ лъэпкъ псоми зэхуэдэу хьащIагъэр, бзылъхугъэр, нэхъыжьыр, нэхъыщIэр ягъэлъапIэу къызэрекIуэкIым. Абы къыкIэлъокIуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа хьыбар щхьэпэ къомыр. Ещанэ Iыхьэм щызэхуэхьэсащ кавказыбзэхэм мрилажьэу къекIуэкIа усакIуэ Iэзэ Гребнев Наум зэридзэкIа лъэпкъ зэхуэмыдзэхэм я псалъэжьхэр: адыгэхэм, балъкъэрхэм, ингушэм, шэшэнхэм, лезгинхэм, къэрэшейхэм, къинэмыщIхэм.

Тхылъыр зэхуащIыж адыгэ жыIэгъуэ цIыхуэжу Семэн Руслан урысыбзэкIэ къригъэзэгъащ щытахэм.

Сабийми балигъми щхьэпагъ гуэр къызэрыхихьыну шэч хэлъхьэм зи гугъу тщIы тхылъыщIэхэм. Ахэр щыыгъуэтыныщ Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**
**Жьэкlэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и ипэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь). **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэрымрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапl Iэхэм ядолжьэныбмкIэ - 42-60-53; узышIагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныбмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтчым 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхутыгъэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зыгъахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуэу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдыгъэзаем и 19-м Печатным и хуитынымгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl Iэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Жьэкlэмыхъу Марьянэ,** *редактору* **Жьэкlэмыхъу Маринэ,** *корректорхэр* **Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр П 5894 ● Тираж 2.060 ●Заказ №1028**

12+